

Me 2022

2.1.1

New Jersey



COVID-19, Kit Enfòmasyon ak Resous

Rete Konekte. Jwenn èd.

2-1-1

New Jersey

NJ 211 bay asistans vennkat sou vennkat (24/24), sèt (7) jou sou sèt (7) gratis, konfidansyèl, ak an dirèk nan plizyè lang. Kèlkeswa metòd ou ta chwazi pou rantre an kontak ak nou an, w ap kapab kominike ak yon kominote ki chaje ak espesyalis ki gen aksè ak yon baz done resous ki gen pi plis pase sèt mil sis san (7,600) pwogram ak sèvis kominotè ki pote asistans bay moun ki bezwen èd ki gen pou wè ak bezwen primè yo tankou manje, sèvis piblik, lojman ki pa twò chè, èd pou lwaye, sante mantal ak fizik, pwoblèm ki lye ak konsomasyon sibstans, swen timoun, bezwen moun aje, asistans legal, transpò, sèvis pou moun ki andikape ak plis lòt bagay toujou.



SONE
2-1-1



EKRI
Kòd postal ou nan 898-211



TCHAT
www.nj211.org



FÈ RECHÈCH NAN
baz done resous la sou sit
nj211.org la



COVID-19

Vaksen ak Boustè yo

Pfizer-BioNTFayzè	Modèna	Djonson
5 an oswa plis	18 an oswa plis	18 an oswa plis
de (2) dòz, 3 a 8 semèn dentèval	de (2) dòz, 4 a 8 semèn dentèval	Yon (1) dòz
Boustè: 12 an oswa plis, omwen senk (5) mwa aprè premye seri yo	Boustè: 18 an oswa plis, omwen 5 mwa aprè premye seri yo	Boustè: 18 an oswa plis, omwen 2 mwa aprè premye seri yo

Vaksen ak Boustè yo: Pasyan ki gen pwoblèm sistèm iminitè yo

Pfizer-BioNTFayzè	Modèna	Djonson
5 an oswa plis	18 an oswa plis	18 an oswa plis
de (2) dòz a twa (3) semèn dentèval	2 dòz, a kat (4) semèn dentèval	Yon (1) dòz
Dòz adisyonèl: 5 an oswa plis, omwen 4 semèn aprè premye seri yo	Dòz adisyonèl: 18 an oswa plis, omwen kat (4) semèn aprè premye seri yo	Dòz adisyonèl: 18 an oswa plis, omwen 2 mwa aprè premye seri yo
Boustè: 12 an oswa plis, omwen twa (3) mwa aprè dòz adisyonèl	Boustè: 18 an oswa plis, omwen 3 mwa aprè dòz adisyonèl	Boustè: 18 an oswa plis, omwen de (2) mwa aprè dòz adisyonèl
Dòz adisyonèl: 12 an oswa plis, kat (4) mwa aprè boustè presedan	Dòz adisyonèl: 18 an oswa plis, kat (4) mwa aprè dòz presedan	Dòz adisyonèl: 12 an oswa plis, (4) mwa aprè boustè presedan

Tès KOVID-19




Lokalizatè Kote yo fè tès

bit.ly/njccovidtest



Tès adomisil gratis

bit.ly/njhometest



Tès Piblik gratis

bit.ly/njpublictest

Transpò pou al pran Vaksen ak al fè tè



NJ 211 ofri transpò gratis oswa a pri redui pou ale ak soti nan sant vaksinasyon yo gras ak Pwogram èd pou Transpò ki rele Wayd Younayed (Ride United) la. Ou kapab itilize Ride United la tou pou al fè tè COVID-19, ale nan randevou medikal yo, al travay, al chèche manje, asistans legal ak pi plis toujou. Tanpri sone 2-1-1 pou ou kapab planifye yon itinerè. Ou kapab chèche lòt ospon transpò yo tou lè ou rantre tè "transpò (transportation)" nan baz done an liy nou an.

Fè rechèch nan Baz Done Resous nou an

Baz done nou an gen sètifikasyon AIRS epi yo evalye li chak ane. Pou ou fè rechèch nan baz done nou resous nou an:

- Chwazi yon kategori apati de Rechèch Gide nou an
- Seleksyone yon bezwen ki pi espesifik nan soukategori yo
- Mete konte oswa kòd postal ou pou kapab limite rezilta yo

Rechèch Gide



Lojman



Revni



Manje



Swen timoun



Sante



Sante Mantal



Itilizasyon



Sibstans Legal

N ap raple ou, Ou kapab kontakte NJ 211 nenpòt ki lè, nenpòt kote ou ye. Pou moun ki pa gen aksè entènèt yo, yo kapab jis rele nan 2-1-1 oswa 1-877-652-1148 pou kapab pale ak yon espesyalis ki la pou ede.

Ou bezwen èd pou peye bil dlo?

[Asistans Dlo pou Fanmi ki pa gen gwo revni yoP se yon pwogram gouvènman federal](#) [finanse ki la pou ede moun ki pa gen gwo mwayen yo diminye balans yo sou bil dlo](#) [potab ak drenaj yo](#). Fwaye ki elijib yo sipoze responsab pou peye pwòp bil dlo ak sèvis drenaj yo, epi yo sipoze gen yon revni brit ki egal oswa pi piti pase 60% Revni Medyan Eta Nyoudjèze. Klike oswa vizite pou kapab aprann plis sou pwogram nan ak kòman pou aplike.



Swiv nou Sou Rezo sosyal yo



@nj211partnership



@nj211



@nj211partnership



SONE
2-1-1



TCHAT
www.nj211.org



EKRI
Kòd postal ou nan 898-211



FÈ RECHÈCH NAN
baz done resous la sou sit
nj211.org la



New Jersey